QORAQALPO G‘ISTON RESPUBLIKASI

KEGEYLI TUMANI HOKIMINING

Q A R O R I

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ

KEGEYLI RAYONÍ HÁKIMINIŃ

SH E SH I M I

Kegeyli tumani 230500, Ǵárezsizlik kóchasi, 4-uy

Kegeyli rayonı 230500, Ǵárezsizlik kóshesi, 4-jay

27 - mai **2021 jil**

294-05**-sanlı**

Кегейли районы ҳәкиминиң ескирген ҳәм өз әҳмийетин жоғалтқан норматив түстеги қарарларын бийкар етиў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өз әҳмийетин жоғалтқан нызамшылық ҳүжжетлерин қайта көрип шығыў дизимин жолға қойыў арқалы мәмлекетте исбилерменлик орталығын жақсылаў ис-илажлар туўрысында»ғы 2020-жыл 27-сентябрь күнги ПФ-6075-санлы Пәрманының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 5,25-статьясына тийкар

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 27-сентябрдеги ПФ-6075-санлы Пәрманында 2021-жыл 1-июньға шекем жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органларының ескирген ҳәм өз әҳмийетин жоғалтқан норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерин бийкар етиў илажларын көриў белгиленгенлиги инабатқа алынсын.

2. Кегейли районы ҳәкими тәрепинен қабыл етилген ескирген ҳәм өз әҳмийетин жоғалтқан норматив түстеги шешимлер қосымшаға муўапық өз күшин жоғалтқан деп есапланысын.

3. Мәлимлеме хызмети (Т.Мухиятдинова) усы шешим рәсмий түрде жәрияланыўы ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтына жайластырылыўы тәмийинленсин.

4. Усы шешим рәсмий жәрияланғаннан кейин күшке киреди.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Н. Ещановқа жүклетилсин.

Кегейли районы ҳәкими: **Д. Утемуратов**

KO'SHIRMASI DURIS